

Idantifikasyon Valid

Dokimantasyon idantifikasyon an dwe kouran a pati de dat aplikasyon an, o mwens ke li di yon lòt bagay. Mèt Kay yo dwe bay youn nan dokiman sa yo kòm verifikasyon de elijibilite¹:

- Lisans²
- Idantifikasyon leta
- Idantifikasyon Kolèj
- Paspò
- Ak de nesans
- Idantifikasyon Militè
- Idantifikasyon Tribi Endyen
- Idantifikasyon travay
- Idantifikasyon/Dokiman DHS imigrasyon, ki enkli otorizasyon pou travay (EAD), dokimantasyon rezidans pèmanan ki enki i-551, oubyen i-94, sètifika natiralizasyon, sètifika sitwayènte, paspò etranje ak yon viza valid ki pa ekspire.

¹Lè yon manadjè pwopriyete oubyen yon reprezantan legal anrejistre pou yon Mèt Kay, dokimantasyon idantite mèt kay la pa obligatwa.

²Yon lisans ki ekspire se yon fòm idantifikasyon ki akseptab.

Prèv ke ou se Mèt Kay la

Mèt kay yo dwe montre prèv ke yo se mèt kay la. Sa kapab yon kopi de:

- Papyè Garanti oubyen Tit Pwopriyete; oubyen
- W-9 Ki konpete e siyen; oubyen
- Deklarasyon Asirans kay la pou pwopriyete a; oubyen
- Dosye taks konte oubyen papyè apantaj konte a. (Bagay sa yo se enfòmasyon piblik yo ye e ou kapab wè yo nan chak sit entènèt konte an).

Akò ak Mèt Kay La

Manadjè oubyen reprezantan legal kap ajì pou mèt kay la dwe montre otorizasyon pou yo resevwa peman lwaye an adisyon ak prèv ke moun nan se mèt kay la. Dokimantasyon an dwe kouran a pati de dat aplikasyon an. Dokimantasyon an dwe siyen e date pa mèt kay la ak manadjè pwopriyete a oubyen reprezantan legal la.

Opsyon¹ kapab enkli:

- Kontra pou sèvis jesyon pwopriyete a ki siyen pa mèt kay la ak manadjè a oubyen reprezantan ki ba yo otorizasyon pou yo resevwa peman lwaye pou mèt kay la;

- Memorandòm akò oubyen Memorandòm konpreyansyon ki siyen pa mèt kay la ak manadjè a oubyen reprezantan ki bay otorizasyon pou yo resevwa peman lwaye pou mèt kay la;

¹Okenn kontra oubyen akò dwe montre klèman adrès la e siyen e date pa manadjè pwopriyete a oubyen reprezantan ledal la. ak mèt kay la. Si yon kontra oubyen akò pa satisfè obligasyon sa yo, mèt kay la dwe soumèt *Fòm Otorizasyon pou Jesyon Pwopriyete ak Reprezantan Legal*. Mèt kay la dwe siyen fòm sa, pa manadjè pwopriyete a.

Idantifikasyon Jesyon Pwopriyete a

Manadjè pwopriyete a oubyen reprezantan legal la dwe soumèt yon fòm W-9 pou konpayi jesyon an ak deklarasyon bank ki montre klèman non mèt kont la ak nimewo kont lan.

Si manadjè pwopriyete a oubyen reprezantan legal la pa ka bay dokiman sa yo, manadjè pwopriyete a ak reprezantan legal la dwe soumèt idantifikasyon pèsònèl yo pito. Fòm idantifikasyon ki akseptab yo dekri nan seksyon idantite ki nan paj an avan.